

KONTWOLE WONJÈ (RAT AK SOURIT): SE LALWA.

Kontwole rat ak sourit se pa sèlman sa pou nou fè. Pou moun ki gen kay pou lwe yo, pwopriyetè kay yo, ak biznis nan

Somerville yo, se

lalwa__Pwopriyetè kay ki gen

rat ladan li re-

sponsab pou

kontwole

pwoblèm nan!

Moun ki pa re-

spekte lalwa

sou zafè fatra ap peye yon

amann 50 dola premye fwa li

fè sa, 100 dola dezyèm fwa, e

300 dola twazyèm fwa.



Rat Nòvèj la

Sonje etap sa yo ki pral site la a pou ede w pou anpeche w gen pwoblèm wonjè (rat ak sourit) kote w rete a:

- KONPPRANN PWOBLÈM NAN
- KONNEN RAT YO
- WENN KOTE YO YE
- PA BA YO MANJE
- CHASE YO
- TOUYE YO
- FÈ KONNEN KE YO LA
- ÒGANIZE NOU.



Mayor Joseph A. Curtatone

V I L S O M E R V I L L E
D E P A T M A N L A S A N T E

City Hall Annex
50 Evergreen Ave.
Somerville, MA 02145
617-625-6600 x4300

Tradiksyon nan lòt lang yo disponib
Koutwazi Cambridge Health Alliance

KENBE PWOPRIYETE W LA AK
VWAZINAJ OU A SAN WONJÈ (RAT
AK SOURIT)

EDE NOU KONTWOLE WONJÈ (RAT AK SOURIT) NAN SOMERVILLE!



Rele 311 osinon vizite
www.ci.somerville.ma.us
epi klike sou "311" pou fè
konnen gen yon pwoblèm
wonjè (rat ak sourit)

V I L S O M E R V I L L E
D E P A T M A N L A S A N T E

Men kòman ou kapab ede nou anpeche epi rezoud pwoblèm rat nan vwazinaj ou

KONPRANN PWOBLEM NAN

Rat Nòvèj yo vin tounen yon gwo pwoblèm nan Somerville. Rat yo se yon pwoblèm sante piblik serye e ki dwe kontwole:

- Rat yo detwi e gate manje avèk lòt bagay nan kay.
- Rat yo avèk pise yo kapab bay moun yon pakèt mikwòb tankou viris, bakteri ak parazit.
- kapasite pou maladi sa yo pwopaje kapab ogmante si nou kite popilasyon rat yo ap viv.

KONNEN RAT YO

- Rat yo manje tout bagay nou manje e anpil lòt bagay ankò.
- Yo ka grenpe, sote, epi naje.
- Yo fè twou nan plastik, bwa, metal soup e menm blòk ak briki.
- Rat ka pase nan ti espas, fè nich nan kote ki fè nwa e ki cho, e fè anpil pitit.

JWENN YO

- Rat yo fè konnen ke yo la lè yo kite twou, dechire, kite mak, ze, e menm sere kras manje.
- Nenpòt nan siy rat an aksyon sa yo se yon vyolasyon Lwa Lasante.
- Yon rat ki ap viv se yon vyolasyon tou.
- Si ou menm oubyen nenpòt moun nan abityasyon kote ou rete a wè yon rat, rele touswit yon pwofesyonèl nan zafè bèt.

KITE RAT YO MOURI GRANGO

Pa ba yo manje.

- Yon lwa tou nèt oblije w sèvi ak bokit ak kou-

vèti solid ki pa genyen twou pou ou mete fatra. Kenbe fatra yo nan bokit sa a jiskaske yo vin pran yo pou ale jete.

- Pa mete bokit fatra ou yo deyò avan 4è nan apremidi nan jou avan yap pase pran yo. Sa ap diminye tan bokit fatra yo ap rete tou dekouvri.
- Ranplase kouvèti ki pèdi e bokit ki genyen twou nan yo oubyen ki chire.
- Lave bokit fatra yo avèk kivet ki kenbe boutèy ak mamit pou resikle yo ansanm ak kote ki sal nan yo a.
- Itilize bokit ki pa gade wonjè (rat ak sourit) pou nou sere manje nou ak manje bèt yo.
- Menm anndan kay yon manje ki pa kouvri atire rat.
- Konnen aktivite rat yo nan jaden deyò a yo e alantou pye fwi ki n-an lakou yo: rat yo manje fwi ak legim fre
- Pa sitirè gwo bokit fatra.

Pa kite yo jwenn dlo pou yo bwè

- Repare twou ki genyen nan machin ki bay dlo cho yo, rezewwa dlo yo, machin lesiv yo, tiyo yo, tiyo koneksyon yo (epi tou tiyo ki jete dlo sal yo, sa vle di tiyo ki al tonbe nan twou egou yo).

CHASE RAT YO.

Anndan abityasyon an:

- Bouche twou nan planche (sòl) yo ak mi yo avèk angrenay fil (kwiv, asye, oubyen aliminyòm). Kouvri angrenay yo avèk beton, adeziv, oubyen kolan di.
- Bloke espas ant pòt yo e planche (sòl) yo ak bagay di
- Kenbe eskalye yo, "airshaft" yo, besment (sòl) yo, avèk kote nou fè depo yo pwòp e san fatra.
- Jete papyè jounal yo, ansyen sistèm izòlman yo, avèk bwat katon yo.

Deyò abityasyon an:

- Ranje fenèt, pòt, rido, ak twati ki kraze yo.

- Wete oubyen ranje vye kloti ki kraze ak lòt bagay ki pap sèvi nan abityasyon an.
- Wete vye machin, vye zouti, materyo konstriksyon, ak vye kawoutchou nan lakou a ak nan jaden an.
- Koupe zèb ak pye bwa yo ki gen otè 12 pous ou pi plis e pran swen touf plant ki grandi anpil yo.

TOUYE RAT YO.

Fason ki pi bon an se anplwaye yon pwofesyonèl ki gen lisans nan zafè touye bèt. (mande pou ou wè lisans State Massachusetts li). Si ou fè sa pou kont ou:

- Li dabò papyè enfòmasyon sou pèlen lè rat yo antre yo pa soti epi pèlen ki gen kolan pou kenbe rat yo. Swiv enstriksyon yo avèk presyon. Kontakte yon pwofesyonèl nan zafè touye bèt.
- Tann pèlen yo nan zòn kote rat yo pase pi plis yo. (chache mak rat, kras manje). Mete pèlen yo a yon distans ki pa plis pase 20 pye. Pou yon bi bon rezilta tann anpil pèlen.
- Pa janm tann pèlen ou byen mete pwazon kote timoun oubyen bèt domestik ka jwenn.
- Lè wap vide oubyen lè wap jete yon pèlen, ranmase l avèk yon bròs fatra, pa pran l avèk men w.

FÈ KONNEN KE RAT YO LA.

Pou fè Komin (City) nan konnen w gen yon pwoblèm wonjè (rat ak sourit):

- rele nan nimero 311
- Vizite www.ci.somerville.ma.us, klike sou "311", e fè yon demand.

ÒGANIZE NOU

- Kolabore avèk vwazen ou w yo pou ou ka chase rat yo nan katye w la; Rat yo plis pase pwoblèm yon grenn moun. **Si vwazen w nan genyen rat, ou genyen rat tou!**
- Mete sou pye yon vwazinaj kap veye rat ak tout moun nan katye a. Nan tèt ansanm, ou ka sèten rat pap ka viv nan vwazinaj kote w rete a.

